

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Istilah *métode* asalna tina kecap *methods* (basa Latén) tina *meta* anu hartina nuju, ngaliwatan, atawa nuturkeun, jeung *hodos* nu hartina jalan, cara, atawa arah. Ku kituna, *métode* téh nyaéta cara-cara, tarékah, *stratégi*, atawa *siasat* maham *réalitas* (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat (*kausalitas*). Fungsi *métode* panalungtikan nyaéta pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2009, kc. 34).

Dina enas-enasna, *métode* téh minangka léngkah ngahontal hiji udagan dina nyangking gembengna hasil dina panalungtikan. Ku lantaran kitu, unggal panalungtikan salawasna baris merlukeun *métode* anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal (Ratna, 2009, kc. 35).

Ieu panalungtikan téh kualitatif kalawan *métode* anu digunakeun nyaéta *déskriptif*, luyu jeung tujuan nu rék dihontal dina ieu panalungtikan. *Métode* panalungtikan dipaké pikeun meunangkeun gambaran tina fakta-fakta jeung sipat objék panalungtikan sacara sistematis, logis, jeung faktual.

Pamarekan kualitatif arahna leuwih kana pamahaman anu leuwih lega ngeunaan ma'na jeung kontéks paripolah jeung prosés anu lumangsung dina pola-pola nalungtik tina faktor-faktor anu pakait. Ieu pamarekan ogé nalaah rupaning persépsi anu dipiboga ku partisipan dina situasi anu sarua sarta ngamungkinkeun panalungtik nalaah sajarah personal jeung faktor-faktor nu terus mekar (Brannen, 2005, kc. 117).

Ari nurutkeun Moleong (2017, kc. 4), *métode* *déskriptif* nyaéta prosés panalungtikan anu ngahasilkeun data *déskriptif* mangrupa ungkara tinulis atawa lisan ti jalma-jalma atawa paripolahna anu bisa ditingali tur ditalungtik. Hal éta luyu jeung pamadegan Ratna (2009, kc. 53) anu nyebutkeun yén *métode* *déskriptif* téh ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan.

Métode déskriptif mibanda ciri-ciri: (1) ngagambarkeun situasi (angen-angen, sawangan, kamampuh, jsb.); (2) néangan informasi faktual nu lengkep jeung euyeub ngeunaan gejala-gejala nu aya dina objék panalungtikan; (3) ngaidéntifikasi masalah, komparasi, jeung évaluasi; sarta (4) mikanyaho naon nu dipigawé ku jalma séjén waktu ngaréngsékeun hiji masalah dina nangtukeun kacindekan (Pradopo, 2013, kc. 68).

Ieu panalungtikan téh suméndér kana *grand teori* Wellek jeung Warren, anu ngabagi sosiologi sastra jadi tilu bagian nyaéta sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra, anu kapanggih dina téks karya sastrana. Ku kituna, anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngeunaan aspék *sosiologi pangarang* (status sosial, idiologi politik, jeung hal-hal ngeunaan pribadi Tatang Sumarsono), *sosiologi karya sastra* (ma'na, tujuan, jeung kontéks nu dikandungna novel *Demung Janggala*, *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*, *Galuring Gending*, *Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*), jeung *sosiologi sastra* (nu maca jeung pangaruh éta lima novel di masarakat).

Dumasar pamadegan Nurgiyantoro (dina Halimah, 2009, kc. 131), hakékat tina panalungtikan fiksi disarankeun kana nalaah, nalungtik, jeung maham ngaliwatan analisis fiksi kalawan analisis anu dilakukeun langsung dina kaayaan totalitas. Ku kituna, pedaran dina ieu panalungtikan bakal ngadéskripsikeun fakta-fakta nu dijieun tapsiran analisis, laju napsirkeun eusi téks-téks (cutatan) novel anu raket patalina antara pangarang, karya sastra, jeung situasi sosialna. Métode déskripsi ogé dipaké pikeun ngajéntrékeun tur nyindekkeun kapangarangan Tatang Sumarsono dumasar kana kamekaran téks jeung kontéksna.


Lian ti éta, métode déskriptif hasil analisis data téh digunakeun pikeun maluruh rélasi antardata anu nyumput dina data panalungtikan. Ari nu jadi rélasi dina ieu data téh sipatna kausalitas atawa sabab-akibat (Faruk, 2012, kc. 25).

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah garapan, saperti nu di tétélakeun ieu di handap.

- a. Nangtukeun tatapakan tioritis sosiologi sastra anu jadi ulikan dina ieu panalungtikan.

- b. Néangan sumber-sumber fakta, boh lisan boh tulisan, pikeun ngarojong panalungtikan.
- c. Nganalisis objék panalungtikan dumasar kana sumber-sumber faktana (data panalungtikan jeung sumber data panalungtikan). Anu disebut fakta-fakta dina ieu panalungtikan téh nyaéta data-data ngeunaan kahirupan pangarang katut kontéks jaman anu dicaritakeunana, anu nyampak dina novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020).
- d. Nganalisis novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020) dumasar kana aspék sosiologi karya pangarang (status sosial, idiologi politik, jeung hal-hal ngeunaan pribadi Tatang Sumarsono).
- e. Nganalisis novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020) dumasar kana aspék sosiologi karya sastra (ma'na, tujuan, jeung kontéks nu dikandung dina éta lima novel).
- f. Nganalisis novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020) dumasar kana aspék sosiologi sastra (nu maca jeung pangaruh éta lima novel di masarakat).

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik téh nyaéta salasahiji unsur anu kawilang penting dina panalungtikan sarta mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngukur fénoména—boh alam boh sosial—nu keur ditalungtik (Moleong, 2017, kc. 112).

Ari nurutkeun Vredembregt (dina Ratna, 2009, kc. 37), téhnik téh patalina jeung data primér. Ari téhnik anu mindeng dimangpaatkeun misalna wawancara, kuésionér, rékaman, statistik, dokumén, angkét, téhnik kartu data, jsb.

Luyu jeung métode anu digunakeun, dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik studi pustaka jeung téhnik hermeneutika. Pikeun ngumpulkeun kabéh pangabutuh patali jeung data jeung sumber data panalungtikan, digunakeun téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka téh ajangkeuneun pikeun nangtukeun sumber data jeung maluruh data anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan sastra, boh dina hal tiori boh dina hal sajarah sastra. Téhnik studi pustaka ogé digunakeun pikeun néangan data nu raket patalina jeung sosiologi pangarang (Tatang Sumarsono).

Téhnik hermeneutika digunakeun pikeun napsirkeun jeung naganalisis data panalungtikan (Saidi, 2008, 376). Téhnik hermeneutika dina ieu panalungtikan dipaké pikeun maluruh jeung nganalisis data anu patalina jeung sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra, dina novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020), ku jalan napsirkeun eusi carita dumasar kana tatapakan tiori.

Ari léngkah ngumpulkeun data sakumaha didadar di luhur, ngawengku ngumpulkeun data jeung sumber data panalungtikan (tina objék panalungtikan, studi pustaka, jeung hasil wawancara), milah-milah data panalungtikan, nangtukeun jeung nyusun instrument panalungtikan, nganalisis data jeung sumber data panalungtikan, tuluy medar hasil analisis data panalungtikan.

Pikeun ngumpulkeun kabéh pangabutuh patali data jeung sumber data panalungtikan, digunakeun téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka téh ajangkeuneun pikeun nangtukeun sumber data jeung maluruh data anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan sastra, boh dina hal tiori boh dina hal sajarah sastra.

Ari pikeun nyusun, nalaah, jeung medar sumber data nepi ka nganalisis data, ieu panalungtikan mikabutuh desain anu puguh jeung ngéntép-seureuh.

Patali jeung éta, ieu di handap panalungtik geus ngararancang saperti kumaha gawéna.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (1998, kc. 147) instrumén nyaéta alat bantu panalungtik dina ngagunakeun hiji téhnik panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun sangkan babari dina milih jeung milah data nu kapanggih tina téks sumber data panalungtikan.

Sanggeus data nu kapanggih dina sumber data dikumpulkeun, laju dianalisis jeung diinterprétasi aspék sosiologi karya sastra jeung sosiologi sastrana.

Tabél 3.1

Conto Kartu Data Téhnik Hermeneutika Sosiologi Pangarang

1. Subjék
2. Aspék sosiologi pangarang
3. Sempalan carita
4. Kaca
5. Patalina aspék sosiologi pangarang jeung téks novel.....
6. Kaca.....

Tabél 3.2

Conto Kartu Data Téhnik Hermeneutika Sosiologi Karya Sastra

1. Subjék
2. Aspék sosiologi karya sastra
3. Sempalan carita
4. Kaca
5. Patalina aspék sosiologi karya sastra jeung kahirupan pangarang
6. Kaca.....

Tabél 3.3
Conto Kartu Data Téhnik Hermeneutika Sosiologi Sastra

1. Subjék
2. Sawangan jeung interprétasi masarakat sastra kana éta karya.....
3. Cutatan tulisan sawangan kana éta karya.....
4. Cutatan katerangan lisan sawangan kana éta karya.....
5. Sumber kalawarta.....

3.4 Data Panalungtikan

Data panalungtikan nyaéta rupaning fakta, boh téks boh nontéks—nu aya patalina jeung garapan panalungtikan, anu dicokot tur diolah tina rupaning sumber jeung paripolah (Moleong, 2017, kc. 157). Data dina ieu panalungtikan nyaéta rupaning sumber pustaka anu ngarojong panalungtikan jeung masarakat sastra anu maca karya Tatang Sumarsono.

Anu jadi data panalungtikan nyaéta sakabéh téks karya sastra dina lima novel Sunda karya Tatang Sumarsono, nyaéta *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020). Tina karya sastra téh dicutat pikeun nerangkeun aspék-aspék sosiologi sastra, anu patali jeung (1) status pangarang, (2) idéologi politik, jeung (3) pribadi pangarang.

Jaba ti éta, digunakeun ogé data tambahan anu dipetik tina tulisan-tulisan anu sumebar dina majalah jeung koran, anu eusina ngeunaan kapangaranagan

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung karya-karya Tatang Sumarsono saperti nu ditepikeun dina sumber data tambahan.

Tabél 3.4
Conto Daptar Pertanyaan Wawancara Pangarang

1. Ngaran lengkep, tempat jeung tanggal lahir sadérék, jeung ngaran lengkep kulawarga (indung, bapa, pamajikan, jeung budak)?
2. Di mana alamat lengkep sadérék?
3. Kumaha riwayat atikan atawa pendidikan sadérék?
4. Naon baé kalangenan sadérék?
5. Naon profési sadérék lian ti ngarang sarta aktif dina organisasi widang naon baé?
6. Ti iraha sadérék mimiti nulis sarta dina wangun naon?
7. Saha anu mimiti ngajurung atawa ngainspirasian sadérék nepi ke resep ngarang?
8. Buku naon baé, boh karya pribadi boh karya koléktif, anu geus ditulis ku sadérék?
9. Kumaha prosés kréatif sadérék dina nulis novel *Demung Janggala*?
10. Naon anu hayang ditepikeun dina novel *Demung Janggala* téh?
11. Kumaha prosés kréatif sadérék dina nulis novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*?
12. Naon anu hayang ditepikeun dina novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* téh?
13. Kumaha prosés kréatif sadérék dina nulis novel *Galuring Gending*?
14. Naon anu hayang ditepikeun dina novel *Galuring Gending* téh?
15. Kumaha prosés kréatif sadérék dina nulis novel *Kakarén Révolusi*?
16. Naon anu hayang ditepikeun dina novel *Kakarén Révolusi* téh?
17. Kumaha prosés kréatif sadérék dina nulis novel *Mandédurma*?
18. Naon anu hayang ditepikeun dina novel *Mandédurma* téh?

3.5 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan nyaéta sagala rupa hal boh téks boh nontéks, nu dijadikeun sumber dina panalungtikan (Moleong, 2017, kc. 113). Ari nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan téh Tatang Sumarsono jeung lima novelna, nyaéta novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020), pangarangna, jeung masarakat nu maca karangan Tatang Sumarsono.

Pikeun ngalengkepan data tinulis, sumber data dina ieu panalungtikan ogé dicokot tina hasil wawancara¹ panalungtik jeung Tatang Sumarsono. Wawancara kahiji dilaksanakeun tanggal 24-26 Januari 2018 di Perpustakaan Ajip Rosidi (Jl. Garut No. 2, Kacapiring, Kec. Batununggal, Kota Bandung), wawancara kadua tanggal 5-6 Juni 2019 di Cibiru, Kota Bandung, wawancara katilu tanggal 4 Januari 2020 di Kantor Majalah *Manglé* (Jl. Wirangrong/Ladrang No. 2, Kota

¹ Wawancara 1 (tanggal 24-26 Januari 2018 di Perpustakaan Ajip Rosidi) ngeunaan biodata riwayat hirup, kaasup riwayat atikan jeung pangalaman organisasi Tatang Sumarsono. Wawancara 2 (tanggal 5-6 Juni 2019 di Cibiru, Kota Bandung) ngeunaan riwayat kapangarangan jeung karya-karya anu ditulis. Wawancara 3 (tanggal 5-6 Juni 2019 di Cibiru, Kota Bandung, tanggal 4 Januari 2020 di Kantor Majalah *Manglé*) ngeunaan prosés kreatif novel *Demung Janggala* jeung *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*. Wawancara 4 (tanggal 15 Januari 2020 di Kantor Penerbit Geger Sunten) ngeunaan prosés kreatif novel *Galuring Gending*, *Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*.

Bandung), jeung wawancara kaopat tanggal 15 Januari 2020 di Kantor Penerbit Geger Sunten (Jl. Dr. Setiabudhi No. 228, Kec. Sukasari, Kota Bandung).

3.5.1 Tatang Sumarsono jeung Karya-karyana

Tatang Sumarsono dilahirkeun di Tasikmalaya, tanggal 25 Januari 1956. Namatkeun sakola di SDN 5 Galunggung, Tasikmalaya (lulus taun 1968), SMPN 3 Tasikmalaya (lulus taun 1971), SMEAN Tasikmalaya (teu tamat), SMAN 2 Tasikmalaya (lulus taun 1975), jeung neruskeus kuliah ka IKIP Bandung, Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Sunda (lulus taun 1982).



Potrét 1. Potrét Tatang Sumarsono

Mimiti nulis ti keur SMA kénéh. Salian ti nulis karya sastra jeung rumpaka tembang katut kawih, Tatang Sumarsono nulis buku pangajaran, biografi, sarta buku-buku pedaran anu sipatna umum (kabasaan, kasusastraan, jeung kabudayaan). Kungsi jadi wartawan, fotografer, jeung guru di sawatara sakola swasta.

Dina widang fotografi, kungsi dilélér Hadiah Jurnalistik Adinegoro taun 1984. Dina karya sastra kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 1994 pikeun novel *Demung Janggala* jeung taun 2002 pikeun novel *Galuring Gending*, Hadiah Samsudi taun 1993 pikeun buku bacaan barudak *Si Paser*, Hadiah Lembaga Basa jeung Sastra Sunda taun 1992, 2001, 2009 dina widang carpon jeung éséy, Hadiah D.K. Ardiwinata ti Paguyuban Pasundan taun 1993, 1994, 1995, 1998, jeung 1999, Hadiah Oetoe Moechtar taun 2000 ti majalah *Manglé* pikeun naskah novel *Mandédurma*, sarta Hadiah PP-SS taun 2007 pikeun bacaan barudak *Ochank* jeung *Si Sekar Panggung*.

Dina widang organisasi, Tatang Sumarsono aktif di sababaraha organisasi ti keur jaman mahasiswa kénéh. Ari organisasi anu diiluan ku Tatang Sumarsono nyaéta kungsi jadi anggota Pelajar Islam Indonésia (PII), anggota Persatuan Wartawan Indonésia (PWI), anggota Paguron Silat Mandéraga, Sekretaris Umum

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hadiah Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS), pengurus Déwan Pendidikan Jawa Barat, Déwan Kurator Yayasan Pusat Kebudayaan (YPK), Badan Pengelola Masjid Raya Bandung Provinsi Jawa Barat, Persatuan Olahraga Berkuda Seluruh Indonesia (Pordasi) Jawa Barat, jeung Persatuan Pencak Silat Indonésia (PPSI) Jawa Barat. Sapopoéna cekel gawé jadi anggota redaksi majalah *Manglé*, jadi Staf Khusus Bidang Budaya Réktor Universitas Pasundan, jeung dosén di Akademi Budaya Sunda Universitas Pasundan.

Karangan jeung karya foto Tatang Sumarsono sumebar dina rupa-rupa média, di antarana nyaéta *Mandala*, *Sipatahoenan*, *Kartini*, *Amanah*, *Manglé*, *Sunda Midang*, *Galura*, *Cupumanik*, *Kompas*, *Tempo*, *Pikiran Rakyat*, *Galamedia*, *Tribun Jabar*, *Kartini*, *Risalah*, *Zaman*, *Cakakak*, jrrd.

Karangan Tatang Sumarsono dina wangun prosa umumna wanda réalis jeung témana medar kahirupan sosial politik sarta sajarah. Hasil motrét tina réalitas sosial masarakat sapopoé, tuluy diolah deui kalawan imajinatif dina wangun karya sastra sarta eusina hayang nepikeun ajén-inajén kahirupan.

Nepi ka kiwari geus ngahasilkeun puluhan judul buku—dina basa Sunda jeung basa Indonésia—, ngawengku buku carita barudak, buku novel, buku kumpulan carpon, buku kumpulan naskah drama, buku kumpulan guguyon, buku biografi, buku pedaran paélmuan, jeung buku pangajaran, boh karya mandiri boh karya koléktif.

Ari karangan Tatang Sumarsono anu jadi bahan dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020). Lantaran ieu lima novel téh dianggap karya anu napak jeung kahirupan pangarangna—boh langsung boh teu langsung, kahirupan pribadi pangarang natrat dina ieu lima novel.

3.5.2 Idéntitas Novel *Demung Janggala*

Novel *Demung Janggala* karya Tatang Sumarsono mimiti medal bulan Agustus taun 1993

Ari Andriansyah, 2021
ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA
DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpu



Potrét 2. Novel *Demung Janggala*

ku pamedal Geger Sunten, Bandung. Ieu novel téh kandelna 232 kaca (kaasup idéntias pamedalan jeung katerangan titimangsa ditulisna ieu novel; Gegerlayang, Cibiru, 8 Zulhijjah 1413 H), jeung eusina kabagi jadi 19 bab.

Dipasieup ku gambar jilid jeung ilustrasi beunang Dédé Rahmat. Sanggeus jadi buku, novel *Demung Janggala* tuluy dimuat dina majalah *Manglé* jadi carita nyambung taun 2016.

3.5.3 Ringkesan Novel *Demung Janggala*

Ieu novel téh nyokot latar sajarah, nyaritakeun kahirupan urang Sunda dina abad ka-17, jaman satutas Dipati Ukur ditalukkeun ku Mataram. Ngalalakonkeun tokoh utamana nyaéta Demung jeung Listayu.

Dina hiji poé Demung, Listayu, Si Bibi, jeung Mang Jalaprang, kabur ti dayeuh Ukur lantaran diudag-udag ku pasukan Mataram. Anjog ka sisi Citarum, maranéhna teu bisa meuntas lantaran cai keur ngagulidag umpal-umpalan. Musuh beuki ngangso, nepi ka antukna mah patelak.

Mang Jalaprang dirempug. Lantaran teu imbang, antukna Mang Jalaprang tilar dunya harita kénéh. Ari Demung, Listayu, jeung Si Bibi mah ditéwak. Demung nu keur digandong ku prajurit, wani nyokot keris anu nogél dina cangkéng prajurit anu ngagandongna. Tuluy baé ditubleskeun, nepi ka éta prajurit téh tilar dunya.

Demung tuluy kabur ngagebuskeun manéh ka Citarum. Listayu jeung Si Bibi mah ngan ukur bisa pasrah bari nempo Demung kabawa palid caah umpalan. Ari nasib Listayu mah pikaketireun. Lantaran Listayu téh geulis, méméh dipasrahkeun ka dununganana, ku prajurit digadabah heula, nepi ka kakandungan.

Untungna Listayu jeung Si Bibi ditulungan ku saurang sénapati, ngaranna Radén Sungsang. Manéhna kacida ngajenghokna waktu apaleun yén Listayu téh anakna Radén Surangga. Ku sabab Radén Surangga kungsi nulungan manéhna baheula, Listayu jeung Si Bibi téh dibawa ka dayeuh. Sagala kabutuh Listayu éstu dicumponan.

Sanggeus Listayu beuki dieu beuki séhat tur bérag, jaba teu kanyahoan keur bureuyeung (kakandungan). Unggal poé Listayu dipapatahan ku Si Bibi sangkan sabar tur tumarima kana kadar. Sanggeus budakna lahir, Listayu dijodokeun ku Radén Sungsang ka Cutak Cikalongwétan anu karék ditinggalkeun maot ku pamajikanana, tapi teu laksana ngajodo lantaran Listayu kaburu dipénta jadi selir ku Kanjeng Dalem.

Kocapkeun Demung nu kabawa palid téa, kapanggih ku Si Béwos, rampog kahot. Kabeneran Si Béwos teu bogaeun budak, nya Demung dikukut ku manéhna. Ti harita dibéré ngaran Demung téh, anu saméméhna ngaranna Emung. Sagala kahayang Demung dicumponan, kaasup dibéré kuda meunang maling bapa kukutna.

Demung gé diajarkeun rupa-rupa kamahéran ku bapa kukutna, kaasup diajar numbak. Teu karasa, Demung geus jadi pamuda rancingeus tur gedé kawani. Demung ahirna boga tékad hayang ngabégal jeung ngarampog kawas bapa kukutna. Ari niatna hayang males pati ka nu geus ngarogahala kulawargana. Ari anu dirampogna para ménak di dayeuh.

Dina hiji poé, Demung ngarampog awéwé dina jampana (tandu), anu sabenerna éta téh lanceukna, Listayu. Ti harita Demung indit deui ka dayeuh, maksudna hayang ngayakinkeun yén lanceukna masih kénéh hirup. Demung nyamar jadi tukang dagang. Lila-lila manéhna manggihan Si Bibi, ahirna Demung nyaritakeun saha saenyana manéhna. Mimitina mah Si Bibi téh teu percayaeun, tapi antukna jadi percaya.


Ku Si Bibi kajadian panggih jeung Demung téh dicaritakeun ka Listayu. Ngan hanjakal Listayu teu percayaeun. Basa hiji waktu Demung nepungan Listayu, tapi Listayu kalah nitah prajuritna sina ngusir Demung, tapi lila-lila mah Listayu gé percayaeun yén Demung téh adina.

Waktu Demung paamprok jeung Listayu, salakina Listayu, Kanjeng Dalem téa, datang. Nya ahirna babadamian, yén manéhna téh lain rék megatkeun duduluran, tapi kahirupan mah kauger ku aturan hukum. Ahirna Demung ditibanan hukuman, najan manéhna tunggal dulur Listayu, lantaran salila ieu

Demung geus remen nyilakakeun jeung ngabegal jalma-jalma anu aya dipadaleman.

3.5.4 Idéntitas Novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*

Novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* karya Tatang Sumarsono mimiti medal bulan Oktober taun 1995 ku pamedal Geger Sunten, Bandung. Ieu novel téh kandelna 96 kaca (kaasup idéntias pamedalan jeung katerangan titimangsa ditulisna ieu novel; Gegerlayang, Cibiru, Nopémber 1993). Dipasieup ku gambar jilid jeung ilustrasi beunang Dédé Rahmat.



Potrét 3. Novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*

Saméméh dibukukeun, keur mangrupa naskah kénéh, novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* kungsi dimuat dina majalah *Manglé* jadi carita nyambung taun 1993.

3.5.5 Ringkesan Novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*

Ieu novel téh nyokot latar taun 70-an katompérnakeun. Kaasup kana novel pop anu jejerna cinta atawa silih asih. Nyaritakeun kahirupan kampus dina jaman harita. Tokoh utamana nyaéta Gunadi jeung Buntari.

Dimimitian ku nyaritakeun Gunadi, mahasiswa anu geus genep taun can lulus-lulus kuliah. Bingung milih jalan hirup; antara ngagugu pangaresep dina organisasi (ketua sénat mahasiswa jeung ketua unit leuleuweungan/Pecinta Alam) atawa ngajucungkeun kuliahna. Ari batur-baturna geus ninggalkeun ti heula, geus baroga gawé.

Dina kagiatan POSMA (Pekan Orientasi Studi Mahasiswa), Gunadi tepung jeung Buntari, mahasiswa anyar. Buntari neundeun perhatian ka Gunadi, tapi teu diwaro. Da ceuk pikiran Gunadi, sikep Buntari téh ilahar kawas mahasiswa séjénna nu ukur hayang meunang perhatian ti seniorna. Ari geus bérés POSMA mah tangtu aing-aingan deui, séwang-séwangan deui.

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lila-lila Gunadi jeung Buntari remen panggih dina rupa-rupa kagiatan. Gunadi ogé ahirna mah sarua neundeun perhatian ka Buntari. Ngan sanggeus Gunadi boga sangkaan yén Buntari téh lain awéwé bener tur campur gaulna jeung golongan jalma beunghar tur borjuis, timbul rasa kabingung. Tapi Buntari terus nunutur Gunadi, malah mindeng nulungan. Malah nepi ka bisa nulungan ngaluarkeun Gunadi ti pangbérokan, lantaran Gunadi jeung kanca-kancana ngilu démo ngiritik pamaréntah Orba.

Waktu kaluar ti pangbérokan, Gunadi meunang surat ti Buntari anu eusi suratna nétélakeun yén Buntari téh rék tunangan jeung baturna, nyaéta Tomi. Atuh puguh baé Gunadi ngarasa bingung jeung kaduhung lantaran teu kungsi ngedalkeun eusi haténa ka Buntari. Pikeun niiskeun pikir, Gunadi mulang ka lemburna, sakalian rék méréskéun skripsina anu geus lila katunda. Dina kaayaan kitu, manéhna ogé nyéngsarkeun waktu pikeun ngaliput jeung nulis warta di hiji média, lantaran jadi wartawan téh geus lila jadi angen-angenna.

Hiji waktu, Gunadi maca koran. Dina warta utama diécéskeun yén aya kajadian kacilakaan mobil réli. Manéhna inget ka Buntari anu resep kana réli. Atuh gancang baé ngajugjug ka tempat kajadian. Enya baé anu kacilakaan téh Buntari jeung Tomi, tunanganana téa. Malah Tomi mah nepi ka hanteuna, tilar dunya.


Gunadi teu téga ningali kaayaan buntari anu keur nalangsa. Ahirna manéhna kayid rék maturan, mantuan, tur méré sumanget ka Buntari, boh keur di kampus boh keur di imahna, sangkan bérag deui. Teu disangka, hiji waktu Buntari balaka ka Gunadi, yén Buntari téh keur kakandung, tina hasil lampah teu uni jeung Tomi. Tapi, migawé lampah kitu téh lantaran minangka karep pikeun mopohokeun Gunadi anu teu méré waé réspon ka Buntari. Gunadi kacida reuwasna, bingung pipikiran. Katambah Buntari aya niat rék ngagugurkeun kandunganana, da sieun nandangan wiwirang.

Ahirna Buntari indit ka bidan dianteur ku Gunadi, niat rék ngagugurkeun kandunganana téa. Sanggeus nepi ka ka tempat prakték dokter kandungan, Gunadi kalah nitah ngabatalkeun jeung nyaram lampah Buntari. Malah sabalikna nitah

ngajaga kandunganana sarta Gunadi narima Buntari kalawan beresih haté. Narima dina kaayaan kumaha baé.

3.5.6 Idéntitas Novel *Galuring Gending*

Novel *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono mimiti medal bulan Januari taun 2001 ku pamedal Giri Mukti, Bandung. Ieu novel téh kandelna 336 kaca (kaasup idéntias pamedalan jeung katerangan titimangsa ditulisna ieu novel; Gegerlayang, Cibiru, 29 Agustus 1999), jeung eusina kabagi jadi 39 bab. Dipasieup ku gambar jilid beunang Déddy S. jeung E. Soepriatna.



Potrét 4. Novel *Galuring Gending*

Keur mangrupa naskahna kénéh, *Galuring Gending* kungsi dilélér Hadiah Sastra D.K. Ardiwinata taun 1999 ti Paguyuban Pasundan dina raraga Pasanggiri Ngarang Novel, Miéling Milangkala Paguyuban Pasundan ka-85 taun. Sanggeus jadi buku, novel *Galuring Gending* tuluy dimuat dina majalah *Manglé* jadi carita nyambung taun 2014.

3.5.7 Ringkesan Novel *Galuring Gending*

Ieu novel téh kaasup kana novel politik. Nyokot latar taun 1997 dina mangsa nyahareupan reformasi, nyaéta galura politik saméméh Présiden Suharto marén sarta dibungkuan ku gambaran tina kajadian-kajadian politik saméméhna. Kaasup novel anu nenggang lantaran témana nyaritakeun soal politik nu arang kapanggih dina téma-téma novel Sunda.

Nu kacatet, lian ti *Galuring Gending*, novel anu nyokot latar mangsa réformasi atawa nyaritakeun pasualan sosial politik bangsa urang saméméh Orde Baru (Orba) kubra téh nyaéta novel *Sandékala* (2007) jeung *Déng* (2009) karya Godi Suwarna.

Ieu novel eusina nyaritakeun tokoh utamana nyaéta Panji jeung Sarah. Dimimitian ku nyaritakeun Panji—tokoh séntral dina ieu novel—anu keur dibui.

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panji téh aktivis gerakan anu loba gagasanana ti keur mahasiswa kénéh. Gagasan Panji dianggap kaasup anu pangradikalna, nawarkeun paham fédéralisme di tengah-tengah kakawasaan Orba anu totalitér jeung réprésif.

Niténan kasang tukangna, Panji téh horéng budak ti kulawarga anu teu runtut raut. Bapana téh prajurit ABRI (Angkatan Bersenjata Republik Indonesia). Ari indungna—pamajikan katilu bapana—nyingkur ka Médan lantaran kolotna dituding anggota PKI. Panji dirorok jeung digedékeun ku indung téréna, pamajikan bapana anu mimiti. Ari ti pamajikan kadua—anak anggota DI/TII atawa gorombolan—, bapana ogé boga deui turunan anu jadi dulur sabapa Panji.

Panji apal pisan kumaha bejadna laku lampah aparat harita, anu katangén ku manéhna keur di lembur kénéh. Bapana anu tuluy jadi Kadés, najan dina wengkuan anu heureut, migawé hal-hal anu disebut KKN (Kolusi, Korupsi, jeung Népotisme). Salaku Kadés, bapana ogé kader Golkar anu panatik.

Sabada jadi mahasiswa, Panji beuki paham baé kumaha ramijudna kakawasaan Orba. Ku pikiranana anu kritis, Panji mimiti nyatru ka Orba ku argumén-arguménna anu ceuk pikirna éta paripolah pangawasa téh pasalia jeung nuranina.

Hiji mangsa, Panji tepung jeung Sarah, juru tari atawa tukang ibing nu biasa ngalanglang mancanagara. Saméméhna Sarah téh horéng “piaraan” gegedén. Sarah diwowoy ku rupa-rupa dunya barana, sagala kabutuhna dicumponan. Ari tepungna Panji jeung Sarah téh teu laju jadi satru, ku tinimbangan-tinimbangan kamanusaan, duanana badami, malah antukna mah silih asih.

Sarah tuluy-tuluyan narékahan sangkan adeg-adeg kamanusaanana pulih deui sabihari. Sedeng Panji beuki toh-tohan merjoangkeun aspirasi gerakanana, tug nepi ka kudu ngaringkuk dibui. Sanajan kitu, duanana masih bisa silih tepungan jeung babagi rasa, nepi ka Panji antukna dibébaskeun kalawan alesan anu teu jelas. Panji ahirna leungit, di satengahing haréngréngna situasi politik saméméh Présidén Suharto léngsér.

3.5.8 Idéntitas Novel *Kakarén Révolusi*

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Novel *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono mimiti medal taun 2012 ku pamedal Pustaka Jaya, Bandung. Ieu novel téh kandelna 159 kaca (kaasup idéntias pamedalan, katerangan istilah, jeung katerangan titimangsa ditulisna ieu novel; Gegerlayang, Cibiru, Méi 2010), jeung eusina kabagi jadi 12 bab. Dipasieup ku gambar jilid beunang Ayi R. Sacadipura.



Potrét 5. Novel *Kakarén Révolusi*

Saméméh dibukukeun, keur mangrupa naskah kénéh, novel *Kakarén Révolusi* kungsi dimuat dina majalah *Manglé* jadi carita nyambung taun 2011.

3.5.9 Ringkesan Novel *Kakarén Révolusi*

Ieu novel téh kaasup kana novel politik. Nyokot latar sajarah, gambaran masarakat Tatar Pasundan ti mimiti jaman merdéka taun 1945, révolusi, nepi ka taun 1950-an. Eusina teu ngalalakonkeun jalma rongkah rohaka, atawa perjoangan héroik, tapi ukur eunteung surem kaayaan di Jawa Barat anu masih kénéh langka kacatet dina sajarah.

Ieu novel eusina nyaritakeun tokoh utama nyaéta Erom. Dimimitian ku nyaritakeun Erom nu katéwak ku tentara NICA waktu lalampahan ka Bandung Kalér, rék ngalongok aki jeung ninina. Sanggeus kacerek ku tentara NICA, Erom téh disalametkeun ku sobat dalitna jaman keur leutik, Rusli. Najan disalametkeun ku Rusli, tapi Erom mah teu ngarasa bungah. Sabalikna Erom kalah ngarasa keuheul sarta kuciwa ka Rusli, lantaran Rusli harita horéng ngagabung jadi tentara NICA.

Sanggeus nampa kanyataan yén sobat jaman keur leutikna hianat ka bangsana, tegesna ngabélot ka musuh, haté Erom beuki buleud tékadna pikeun ngamerdékakeun Républik, kalayan merdéka nu saenyana. Pikeun ngahontal éta udagan, Erom dibéré kapercayaan pikeun mingpin kompi soldadu Républik. Waktu perjoangan Erom jeung kompi soldaduna keur sumanget-sumangetna, sawatara anggota kompi Erom aya nu dibébastugaskeun lantaran teu nyumponan

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sarat-sarat jadi tentara. Éta kajadian téh tétéla jadi binih pacéngkadan di antara tentara Républik.

Jalma-jalma anu aya di kompi Erom, saurang-saurang ngundurkeun diri jadi tentara, malah aya nu teu bébéja sagala. Antukna, sanggeus kompina bubar, Erom ogé écag tina militér, laju balik deui ka Garut, nuluykeun néangan deui kolotna.

Sanggeus tepi ka Garut, masalah nu karandapan ku Erom téh kalah beuki nambahan. Hirup mencil di lembur maturan bapana nu kapaksa jadi lurah NICA, Erom kalah kudu nyanghareupan pasualan nu datangna ti sakumpulan jalma anu nyebut dirina urang gunung—anggota DI/TII atawa gorombolan—, nu tétéla urang gunung éta téh urut anggota kompina baheula, nu malik teu suka ka Républik, lantaran ngarasa teu dihargaan pédah teu bisa maca.

Harita Tatar Pasundan mimiti diacak-acak ku gorombolan; ngalantarankeun rahayat di pasisian nandangan tunggara anu pohara. Dina kaayaan ririweuhan, Erom katangkep ku gorombolan, tepi ka rék dipaéhan. Kabeneran aya pitulung ti urut babaturanana jaman keur jadi tentara, anu harita geus biluk jadi komandan pasukan urang gunung.

Kaayaan siga kitu téh ngabalukarkeun Erom nyorang kabingung nu pohara; antara kudu tetep matuh di Garut atawa kudu ninggalkeun éta tempat pikeun ngadu nasib ka Bandung. Sanggeus dipikiran kalayan enya-nya, ahirna Erom mutuskeun pikeun balik deui ka Bandung, rék néangan pangupa jiwa.

Kaayaan di kota jeung di lembur téh tétéla horéng sarua waluratna. Lolongkrang gawé geus pinuh dieusian ku urang Wétan (Jawa) nu ngarasa pangrépublikna. Salian ti néangan gawé, di Bandung téh Erom ogé milu ilubiung dina kumpulan nu boga tujuan rék ngalelempeng pamaréntahan dina ngabebenah daérah (ngararancang konsép nagara fédéralis), anu salawasna dianak-térékeun. Éta hal téh dilantarankeun ku tepungna Erom jeung sobat-sobat sakompina baheula.

Éta pergerakan ‘bawah tanah’ téh lila-lila mah kabongkar ku pamaréntah, sarta tuluy sakabéh anggotana dicerek, kaasup Erom. Ari anu jadi alesanana mah nyaéta pamaréntah téh neundeun curiga ka éta gerakan inggis boga tujuan

ngaruntagkeun pamaréntahan. Éta gerakan téh tuluy dibubarkeun ku pamaréntah, sedengkeun Erom disalametkeun deui ku babaturanna waktu jadi tentara, laju balik deui ka imahna di Bandung.

3.5.10 Idéntitas Novel *Mandédurma*

Novel *Mandédurma* karya Tatang Sumarsono mimiti medal bulan Nopémber taun 2020 ku pamedal Silantang, Bandung. Ieu novel téh kandelna 160 kaca (kaasup idéntias pamedalan jeung katerangan titimangsa ditulisna ieu novel; Gegerlayang, Cibiru, 12 Muharam 1419 H), jeung eusina kabagi jadi 18 bab. Dipasieup ku gambar jilid beunang Yopi Setia Umbara.



Potrét 6. Novel *Mandédurma*

Saméméh dibukukeun, keur mangrupa naskah kénéh, novel *Mandédurma* kungsi dilélér Hadiah Sastra Oetoe Moechtar taun 2000 ti majalah *Manglé*. Naskahna ogé kungsi dimuat dina majalah *Manglé* jadi carita nyambung taun 2001.

3.5.11 Ringkesan Novel *Mandédurma*

Ieu novel téh nyaritakeun kaayaan sosial politik taun 1965 di Jawa Barat, waktu ngajelegurna babaruntakan PKI (G30S/PKI) anu rék ngudéta ieu nagri. Éta haréngréngna kaayaan téh dipotrét tina sawangan urang Sunda anu teu mais teu meuleum, teu tuah teu dosa, ngilu kabaud kana gerakan PKI, anu masih kénéh langka kacatet dina sajarah. Ieu novel ogé nyokot latar di Tasikmalaya.

Eusina ngalalakonkeun tokoh “kuring” (Ucin nénéhna tina Ahmad Husin, murid kelas 3 SMP) jeung Akina (Aki Taswin, pingpinan paguron silat “Mandédurma”, jeung baheula urut tentara). Tokoh “kuring” minangka narator dina ieu novel, nyaritakeun sagala rupa anu karandapan ku kulawargana, hususna ngeunaan Akina anu ditulis tonggong diréken PKI.

Ucin téh dikukut ku Akina, lantaran indungna dibawa ku bapana (tentara) indit ka Sumatra, pindah tugas ti kesatuanana. Sangkan aya batur tur teu kaleungitan teuing, Ucin dipénta sangkan cicing jeung Aki sarta Ninina. Ceuk dongéng Akina, di Sumatra téh bapana ngagabung ka PRRI anu ngabaruntak lantaran hayang otonomi daérah anu salega-legana jeung kuciwa ka pamaréntah Orla (Orde Lama). Sanggeus PRRI ditumpes, indung jeung bapana taya raratan.

Ari Akina téh boga budak dua nyaéta indungna Ucin jeung Téja. Téja kawin ka bandar béas, tapi ukur meunang bubulanan. Téja dipulangkeun deui, lantaran cenah salakina teu kuateun nuturkeun adatna. Ti dinya mah Téja téh tuluy ka kota, alesanana hayang milu keurseus. Bérés keurseus, tuluy gawé.

Ti harita lamun pareng Téja mulang ka lembur, katingali réa robahna. Ngomongna jadi perténtang pisan, jeung tara tinggaleun ti maca surat kabar atawa majalah. Cindekna, Téja téh enya-enya dianggap ngota jeung asup jadi anggota Gerwani. Ti saprak éta ogé Téja remen mamawa Misngun, anu tuluy ditepungkeun jeung Aki. Cenah mah Misngun téh pialakieunana, panggihna di kantor gawéna. Tungtungna Téja jeung Misngun pruk kawin.

Hiji waktu sanggeus Téja kawin ka Misngun, Aki jeung Nini kungsi rada pacéntal-céntal. Éta pacéngkadan téh dilantarankeun Misngun ménta Aki ngabringkeun murid paguronna, sangkan milu pawéy di kota kabupaten. Harita Aki nolak kana paménta Misngun, najan diolo ku Nini ogé. Ngabringkeun murid téh duméh Aki boga paguron silat "Mandédurma". Saenyana mah éta paguron téh lain anu Aki, tapi anu kolotna Nini. Ngan duka ku naon éta paguron téh dibikeun ka Aki, lain ka lanceuk-lanceukna Nini.

Teu lila ti harita, Téja dibawa ku Misngun ka Jakarta. Duméh Misngun cenah rék meunang tugas penting. Ti saprak pindah ka Jakarta, Téja taya béjana deui. Nepi ka aya warta yén di Jakarta aya huru-hara gedé, Gerakan 30 Séptémber 1965, anu dipalaturan ku PKI. Pikeun kulawarga Aki, éta béja téh jadi bangbaluh anu kacida beuratna. Lain baé soal nasib Téja, tapi deuih nasib kulawargana. Dihenteu-henteu ogé Aki téh bisa kabaud. Angot upama aya pihak séjén anu milu ngiruhan.

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Saprak aya béja riributan di Jakarta—bari taya iber deui ngeunaan Téja jeung Misngun—, Nini tuluy brek gering, laju dibawa ka rumah sakit. Réa anu ngalayad, malah kulawarga anu jauh ogé daratang. Ngan hiji anu teu datang téh nyaéta Aki Uyud (Aki Kuwu), lantaran tatali mimitran jeung Aki Uyud téh geus lila teu hadé.

Ceuk katerangan Aki, waktu jaman révolusi, Aki Uyud ngarasa diteungteuinganan duméh bapana Aki Uyud, Juragan SS, diculik sarta ditelasan ku anak buah Aki waktu keur jadi tentara. Layonna nyangsang dina batu gawir Ciwulan. Padahal Aki jeung Juragan SS téh taya pasualan nanaon. Ari anu nyulik Juragan SS waktu jaman révolusi téh nyaéta maranéhna anu kungsi kanyenyerien, di antarana nyaéta sawatara anak buah Aki. Iraha, di mana, jeung kumaha maranéhna nyusun rencana pikeun ngarogahala Juragan SS, Aki mah teu nyaho-nyaho.

Keur genting-gentingna kaayaan babaruntakan PKI, bari Aki remen didatangan ku jalma-jalma anu maksudna rék ngarugrugkeun imahna, Ucin boga karep hayang diajar silat. Ari alesanana mah pédah Ucin téh éléhan di antara babaturanana. Katambah batur ngahargaan Ucin téh lain lantaran Ucin gedé kawani, tapi lantaran pangaruh Akina jeung paguron “Mandédurma”.

Nya ti harita hubungan Ucin jeung Akina téh teu sawates hubungan pancakaki; incu jeung aki, tapi hubungan murid jeung guru. Ti harita ogé dongéng-dongéng anu saméméhna disidem ku Aki téh mimiti dibalakakeun, dicaritakeun. Kaasup pasualan Akina jeung Aki Uyud anu kungsi pacéngkadan, najan baheula kungsi sapaguron di “Mandédurma”. Mimitina mah nyaéta Mama Boswéan, bapana Nini, harita satuju yén Nini téh rék dikawinkeun ka Aki Uyud. Ngan Mama Boswéan jadi robah pamikiran, duméh Aki Uyud sok maén. Ahirna Nini kawin ka Aki. Paguron “Mandédurma” ogé dipasrahkeun ka Aki.

Ti saprak kajadian éta, Aki Uyud teu kungsi datang deui ka paguron, Ari perkara Aki Uyud dilandih jadi Aki Kuwu, lantaran manéhna kungsi jadi kuwu waktu jaman Jepang. Ku balaréa sok disebutna téh Kuwu NICA. Ngan tabéat Aki Kuwu téh teu hadé. Mindeng ngabocorkeun rusiah perkara jalma-jalma anu

nukang nonggong ka NICA. Atuh réa urang lembur anu tuluy diinterogasi jeung disiksa ku tentara NICA.

Enya baé sanggeus G30S/PKI ditumpes jeung saha baé anu kabaud diamankeun, Aki gé tuluy dikerem di Kodim, da ditulis tonggong diréken ulon-ulon komunis. Atuh teu lila ti éta kajadian, Ninina tuluy tilar. Nasib Ucin beuki nalangsa, ukur dibaturan ku sawatara muridna Aki.

Dina hiji peuting, waktu Ucin keur nyileuk bari gulinggasahan mikiran Akina, teu disangka Akina datang ka imah. Basa ditanya naha Aki balik, Aki ukur ngajawab ku unggeuk. Bus Aki asup ka kamarna. Teu lila, kaluar deui bari ganti pakéan, ka luhurna kampret bodas, ka handapna pangsi hideng. Tuluy kaluar deui ti imah.

Ucin ukur bisa naksir yén Aki rék indit nepungan Aki Kuwu atawa ka tempat riungan murid-muridna. Pasmusubuh kasampak Aki keur wiridan di patengahan, tuluy solat berjamaah jeung Ucin. Rérés solat, Aki didatangan ku sababaraha tentara bari nodongkeun bedil. Akina tuluy diborogod sarta dibawa ku tentara. Méméh ngaléos, Aki ngaamanatan yén paguron “Mandédurma” kudu dituluykeun ku Ucin.

3.6 Sumber Data Tambahan

Sumber pustaka anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nyaéta buku-buku karya Tatang Sumarsono, boh fiksi boh nonfiksi, di antarana nyaéta *Miang jeung Kaludeung* (carita barudak, 1983), *Si Paser* (carita barudak, 1992), *Carita Rayat Jawa Barat* (carita barudak, 2000), *Si Luis*, *Serial Bacaan pikeun TK* (carita barudak, 2009), *Ochank* (carita barudak, 2007), *Si Sekar Panggung* (carita barudak, 2007), *Ceu Wawang* (kumpulan carpon, 2009), *Randu Jalaprang* (kumpulan drama, 2009), *Saronghéapan* (kumpulan fiksimini, 2019), *Jaro Bantahan* (novel, 1994), *Ujay Kodok* (novel, 2009), *Bulan Kungsi Ngolembar* (novel jeung kumpulan carpon, 2009), *Ajo Pitbul* (novel, 2009), *Kalang Baruang* (novel, 2011), *Partéy Salam Manis* (novel, 2021), *Baléndrang* (kumpulan artikel,

2020), *Unak-anik Balap Kuda jeung Kuda Balap* (pedaran, 2020), *Moro Bagong* (pedaran, 2020), jeung *Sasalimpetan* (kumpulan artikel, 2020).

Sumber tinulis séjénna dicokot tina sawatara kalawarta Sunda nyaéta *Kalawarta LBSS* taun 1993, koran *Pikiran Rakyat* édisi Minggu, 6 Méi 2001, majalah *Cupumanik* édisi Maret 2014, sarta majalah *Manglé* No. 1442, No. 1447, No. 1495, No. 1803, No. 1847, No. 1848, No. 2234, No. 2639, No. 2640, No. 2641, No. 2641, No. 2641, No. 2642, No. 2643, No. 2644, No. 2645, No. 2646, jeung No. 2766.

Ari masarakat dina ieu panalungtikan nyaéta masarakat nu boga pamahaman sarta interprétasi ngeunaan karya sastra nu boga ajén, ngaliwatan tulisanana dina mass média di antarana nyaéta (1) Ajip Rosidi: *Béjér Pangajén Hadiah Sastra “Rancagé” Taun 1994* (*Manglé* No. 1442); (2) Ajip Rosidi: *Béjér Pangajén Hadiah Sastra “Rancagé” Taun 2002 (Seperempat Abad Hadiah Sastra “Rancagé”)*; (3) Redaksi *Manglé: Wuyung di Cantian, Latar Sajarah anu Nantrat dina Novel-Novel Tatang Sumarsono* (*Manglé* No. 1495); (4) Iwan Setiawan: *Demung Janggala Novel Tatang Sumarsono Loba Kabeneran jeung Rurusuhan* (*Kalawarta LBSS*, édisi April 1994); (5) Yana Mayangwati: *Catetan Jaman, Sawangan kana Novel Galuring Gending* (*Manglé* No. 1803); (6) Usép Romli HM: *Nyaliksik Galuring Gending, Surat Sastra keur Hamid Marta ti Usép Romli HM* (*Manglé* No. 1847); (7) Giyati: *Ngajugjugan Galuring Gending* (*Manglé* No. 1847); (9) Redaksi *Manglé: Diguar Selang Surupna Diwincik Galeuh-galeuhna* (*Manglé* No. 1848); (10) Hera Meganova Lyra: *Rancagéna Tatang Sumarsono* (*Manglé* No. 2756); Darpan: *Réprési Orba dina Novel Sunda (Pikiran Rakyat, édisi Minggu, 6 Méi 2001)*.

Ari individu nu bisa dijadikeun sumber panalungtikan ngaliwatan wawancara, di antarana nyaéta Hawé Setiawan (kritikus sastra jeung dosén Unpas), Teddi A.N. Muhtadin (kritikus sastra jeung dosén Unpad), Cécép Burdansyah (jurnalis jeung sastrawan Sunda), jeung Atép Kurnia (panalungtik literasi Sunda).

Tabél 3.5
Conto Daptar Pertanyaan Wawancara Narasumber

2. Ngaran lengkep jeung kalungguhan sadérék?
3. Alamat lengkep sadérék?
4. Sadérék kungsi gawé bareng atawa aya dina kagiatan anu sarua jeung Tatang Sumarsono? Upama kungsi, dina kagiatan naon?
5. Novel naon baé karya Tatang Sumarsono nu kungsi dibaca?
6. Kumaha sawangan sadérék kana novel-novel karya Tatang Sumarsono?
7. Upama nyuméndér kana *genre* sastra (sastra daria jeung sastra pop), novel-novel karya Tatang Sumarsono kaasup kana *genre* naon?
8. Naon baé kapunjulan novel-novel karya Tatang Sumarsono?
9. Naon baé kahéngkéran novel-novel karya Tatang Sumarsono?
10. Kritik sosial naon baé anu aya dina novel-novel karya Tatang Sumarsono?
11. Naha eusi carita novel-novel karya Tatang Sumarsono kontékstual jeung jaman anu dicaritakeunana?
12. Nurutkeun sadérék, hal naon baé anu natrat dina novel-novelna anu raket patalina jeung kahirupan Tatang Sumarsono?
13. Hal naon baé anu bisa ditulad tina novel-novel karya Tatang Sumarsono

3.7 Analisis Data Panalungtikan

Analisis data digunakeun pikeun milah jeung milih data nu kapanggih dina sumber data (sumber pustaka) panalungtikan, nyaéta novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020). Ari téhnik

studi dokumentasi jeung téhnik wawancara dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngalengkepan data tinulis saméméhna.

Dina ieu panalungtikan digunakeun analisis studi dokumentasi (*documentary study*) jeung wawancara (*interview*). Ieu analisis téh digunakeun sarta diamangpaatkeun pikeun maluruh sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra dina sumber data panalungtikan nyaéta novel *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020). Ari pikeun ngumpulkeun jeung ngolah datana, dipérélekeun saperti ieu di handap.

Pikeun ngumpulkeun data sangkan data nu kakumpulkeun téh teu bacacar, dina ieu panalungtikan anu bakal dipigawé téh dumasar kana léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a. Maluruh data kalawan gemet ti sawatara sumber, boh tulis boh lisan;
- b. Milah-milah data anu geus kapanggih dumasar klasifikasina; jeung
- c. Ngasup-ngasupkeun data nu geus kapanggih dumasar kana aspék sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra.

Ari pikeun ngolah datana, panalungtik bakal migawé léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a. Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- b. Ngeuyeuban data anu geus dikumpulkeun ku data pangrojong séjénna;
- c. Nganalisis data nu geus dikumpulkeun dumasar kana klasifikasina;
- d. Ngadéskripsikeun jeung nafsirkeun data dumasar kana aspék sosiologi pangarang;
- e. Ngadéskripsikeun jeung nafsirkeun data dumasar kana aspék sosiologi karya sastra dina novel *Demung Janggala*, *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*, *Galuring Gending*, *Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*;
- f. Ngadéskripsikeun jeung nafsirkeun data dumasar kana aspék sosiologi sastra (sawangan nu maca kana novel *Demung Janggala*, *Kolébat*

Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian, Galuring Gending, Kakarén Révolusi, jeung Mandédurma); jeung

- g. Nyindekkeun data anu geus dianalisis dumasar kana aspék sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra.